

**PANGAJARAN NYAJIKEUN GAGASAN, PARASAAN, JEUNG PAMADEGAN  
DINA BENTUK TEKS PUASI NGAGUNAKEUN MODEL EKSPERIENTIAL  
LEARNING PIKEUN SISWA KELAS VIII SMP NEGERI 2 LEMBANG TAUN  
PANGAJARAN 2018/2019**

*Ku*

**Dede Riyanto Mulyana**

**NIM 145030143**

**RINGKESAN**

*Panalungtikan ieu boga tujuan pikeun nangtukeun kanaakan hasil diajar siswa dina pangajaran nyajikeun gagasan, parasaan, jeung pamadegan dina bentuk teks puisi. Nyajikeun dina panalungtikan ieu ngabogaan pangartian nulis. Sedengkeun nulis ngabogaan pangartian nyajikeun pikiran, ide jeung pangalaman nu di tuangkeun kana bentuk serat. Pangalaman nu di maksud nyaeta sumberna boh pangalaman sorangan atawa pangalaman batur. Pangajaran nulis puisi bakal sasuai mun dipadukeun jeung model eksperiential learning. Duanana ngabutuhkeun pangalaman pikeun dijadikeun subjek diajar. Mangka, panalungtik ngalakukeun panalungtikan nu judulna " Pangajaran Nyajikeun Gagasan, Parasaan, jeung Pamadegan dina Bentuk Teks Puisi Ngagunakeun Model Eksperiential Learning pikeun Siswa Kelas VIII SMP Negeri 2 Lembang Taun Pangajaran 2018/2019". Metode panalungtikan nu digunakeun nyaeta true eksperimental design. Hasil palaungtikan nu geus dilakukeun nunjukeun junun. Panalungtik mampuh ngarencanakeun, ngalaksanakeun, jeung meunteun pangajakan nyajikeun gagasan, parasaan jeung pamadegan dina bentuk teks puisi, hal ieu dibuktikeun ku peunten nu di hontal panalungtik ti guru mata pelajaran bahasa indonesia nu mere nilai kategori alus pisan (A). Model eksperiential learning efektif digunakeun dina pangajaran gagasan, parasaan jeung pamadegan dina bentuk teks puisi. Dibuktikeun ku peunteun rata-rata pretes nyaeta 61,8 jeung penteun rata-rata postes nyaeta 83,32, sedengkeun selisihna nyaeta 21,53. Penteun eta nunjukeun yen siswa kelas eksperimen SMP Negeri 2 Lembang mampuh nyajikeun gagasan, parasaan jeung pamadegan dina bentuk teks puisi. Ngabogaan perbedaan hasil diajar kelas eksperimen jeung jelas kontrol. Dibuktikeun ku hasil uji t nu nunjukeun thitung kelas eksperimen > t hitung kelas kontrol, nyaeta 8,30 > 3,85. Hal ieu nunjukeun yen model eksperimetial learning leuwih efektif dina pangajaran nyajikeun gagasan, perasaan, jeung pamadegan dina bentuk teks puisi, tibatan kelas kontrol nu ngagunakeun contextual teaching and learning.*

**Kecap Konci:** Eksperiential learning, puisi, nyajikeun,